

Se Dènye Wikenn Pou Aplike Pou Asistans Federal nan Broward County

Release Date: Jen 23, 2023

LAKE MARY, Florida – Si rezidans prensipal ou a se nan Broward County epi ou te sibi domaj oswa pèt nan gwo tanpèt ak inondasyon an avril, pa rete tann ankò. Dat limit pou aplike pou asistans federal la se **27 jwen 2023**.

FEMA gendwa kapab ede ak asistans pou lokasyon oswa lòt depans ki gen rapò ak katastwòf, epi si w se yon pwopriyetè kay, FEMA kapab ede w tou ak reparasyon esansyèl lakay ou ki pa kouvri pa asirans.

Pwopriyetè kay ak lokatè nan Broward County ka rele 800-621-3362, vizite yon Sant Rekiperasyon Dezas, ale anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov) oswa itilize [aplikasyon FEMA an](#).

Sant Rekiperasyon Dezas yo ap fonksyone nan Sant Kominotè Sadkin nan Lauderdale jiska 24 jwen ak Hortt Park nan Fort Lauderdale jiska 29 jwen (9 am rive 8 pm. Yo ap fèmen dimanch ak lendi).

Dat limit pou voye yon aplikasyon pou prè pou katastwòf ba U.S. Small Business Administration (SBA) se 26 jwen. Aplikan yo ka itilize Aplikasyon ELektwonik pou Prè a anliy atravè sit entèèt sekirize SBA an nan [DisasterLoanAssistance.sba.gov/ela/s/](https://www.DisasterLoanAssistance.sba.gov/ela/s/). Pou w jwenn enfòmasyon ak fòmilè aplikasyon pou prè pou katastwòf lan, ou ka rele Sèvis Alakliyantèl SBA nan **800-659-2955** oswa voye yon imel nan DisasterCustomerService@sba.gov.

Dat limit pou retounen aplikasyon SBA pou pwoblèm ekonomik se **29 janvye 2024**.

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon an nan Florid, vizite [fema.gov/disaster/4709](https://www.fema.gov/disaster/4709) ak [floridadisaster.org/](https://www.floridadisaster.org/). Swiv nou sou Twitter: [@FLSERT](https://twitter.com/FLSERT) ak [@FEMARegion4](https://twitter.com/FEMARegion4).



FEMA

Page 1 of 1